

MAKIHKEUN STANDAR KOMPETENSI BASA JEUNG SASTRA SUNDA DI TK/RA¹⁾

Yayat Sudaryat²⁾

**Ti bihari nepi ka kiwari,
ti baheula ka ayeuna natrat nepi ka jaga,
basa Sunda tetep digjaya.**

1. Manggala Wacana

Taun 2004 kalawan rampak sa-Indonésia mitembeyan dipakéna kurikulum berbasis kompetensi (KBK). Samalah henteu disebut KBK deui, tapi *Kurikulum 2004: Standar Kompetensi*. Munculna éta kurikulum téh teu bisa leupas tina kahanan kurikulum pendidikan di Indonésia, anu terus barobah geusan ngaluyukeun diri kana robahna kamekaran paélmuan katut pameredih panéka jaman. Ari robahna kurikulum téh rata-rata antara 6--10 taun (Kurikulum 1968, 1975, 1984, 1994, jeung 2004). Bédana kurikulum téh pangpangna dina lebah titincakanana, nya éta dumasar kana jejer bahan, sistem unit, téma, jeung kompetensi. Kurikulumna teu goréng alias geus hadé, da anu héngkérna mah lebah prakna, praktékna, atawa impleméntasina.

Ayeuna, kakara ogé dua taun, Kurikulum 2004 téh disarungsum deui, lantaran dianggap "gagal". Bener kitu? Kumaha pangaruhna kana Standar Kompetensi Mata Pelajaran Basa Sunda? Ah, teu kudu hariwang jeung salempang, komo bari jeung mangmang mah. Keur daérah nyatana urang, urang Sunda, anu penting mah "Basa Sunda tetep jaya, tetep jadi mata pelajaran di sakola (ti SD/MI—SMP/MTs), malahan nepi ka SMA/MA di unggal sakola.

Kumaha ari bahan ajar basa Sunda di TK/RA? Éta pananya téh jadi jejer pasualan anu baris dipadungdengkeun dina riungan ayeuna.

Patali jeung éta hal, dina ieu tulisan rék dipedar tilu perkara, nya éta (1) program diajar di TK/RA, (2) Nyusun kurikulum/silabus basa jeung Sastra Sunda di TK/RA, jeung (3) Rarambu pangajaran basa Sunda di TK/RA.

2. Program diajar di TK/RA

2.1 Struktur Kurikulum

Diayakeunana TK/RA dipuseurkeun kana nyusun tatapakan (fondasi) pikeun mekarkeun sikep, kaweruh, kaparigelan, jeung daya cipta luyu jeung tumuwuh katut mekarna murid. TK/RA henteu jadi tahapan pasaratan pikeun asup ka pendidikan di SD.

Tujuan diayakeun TK/RA pikeun ngawewegan kamekaran waruga (fisik), rasa (emosi), jeung kamasarakatan (sosial) sangkan sayaga dina nincak pendidikan di SD/MI.

Sanggeus rengse miluan program TK/RA, murid mibanda sawatara kamampuh atawa kompetensi kayaning:

- (1) Katembong alus mahamna kana diri jeung percaya diri.
- (2) Katembong kamampuhna dina cacampuran jeung nu lian atawa alam lingkunganana.
- (3) Katembong kamampuhna dina guluyurna mikir.
- (4) Bisa komunikasi kalawan meranah tur efektif.
- (5) Jadi biasa hirup walagri atawa cageur.
- (6) Katembong dewasa warugana.

Kumaha ari adegan atawa struktur kurikulum di TK/RA? Ku didadasaran yen TK/RA mangrupa pendidikan prasakola, anu henteu jadi pasaratan pikeun asup ka SD/MI, struktur kurikulumna oge disebut *Program Kegiatan Diajar*, nu ngawengku tilu widang pamekaran, nya eta:

- (1) mekarkeun moral jeung ajén-inajén agama,
- (2) mekarkeun sosial, emosional, jeung kamandirian, sarta
- (3) mekarkeun kamampuh dasar, anu ngawengku (a) kamampuh basa, (b) kaweruh (kognitif), (c) fisik/motorik, jeung (d) seni.

Reana waktu 15 jam (900) menit. Minggu efektifna dina sataun dibagi 2 semester, anu lobana 34 minggu. Rarata jam diajar efektif tiap poena dijatahan 2,5 jam (150 menit).

2.2 Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar

Standar Kompetensi (SK) jeung Kompetensi Dasar (KD), nelahna mah KBK, pondokna tina Kurikulum Berbasis Kompetensi. Naon atuh SK téh? Ari ceuk tiori mah "sapuratina rencana jeung panataan ngeunaan kompetensi katut diajar anu kudu dihontal ku murid, kagiatan diajar ngajar, meunteun, jeung makihikeun sumber daya atikan dina ngamekarkeun kurikulum sakola" (Puskur Balitbang Depdiknas, 2002:3).

SK téh boga sawatara prinsip, di antarana, (1) pangalaman diajar nu sipatna holistik, étika, logika, éstétika, kinéstétika, jeung praktika; (2) ayana kasadaran budaya; (3) ayana pangaruh téhnologi, informasi, jeung

globalisasi; (4) diajar salila gumelar; (5) museur ka murid; (6) pamarekan gembheng-masagi tur mimitran; jeung (7) béda-bédana kamampuh murid.

Tujulna atawa oriéntasina SKKD téh kana (1) hasil jeung dampak anu dipiharep muncul di diri siswa ngaliwatan runtuyan kagiatan diajar nu miharti, jeung (2) rupining hal anu diébréhkeun dumasar kana kabutuh. Lebah dieu, SKKD téh kudu bisa méré dadasar (a) pangaweruh (kognitif), (b) kaparigelan (psikomotor), jeung (c) sikep nu alus (aféktif).

Éta tilu aspék téh kudu méré pangalaman nu pikaresepeun ka diri murid. Ari pangalaman diajar nu pikaresepeun téh, ceuk UNÉSCO mah, nyoko kana opat pilar, nya éta:

(a) diajar mikanyaho (*learning to know*),

(b) diajar migawé (*learning to do*),

(c) diajar mibanda (*learning to be*), jeung

(d) diajar milampah hirup babarengan (*learning to live together*).

Diajar mikanyaho (*learning to know*) diolah dina uteuk (hemisper) katuhu. Kacékasan uteuk (*kecerdasan otak*) ajénna 10%, sésana mah 90% nyoko kana hal-hal nu patali jeung (*emotional, spiritual, social question*). Anu aya dina uteuk kudu nyambung jeung nu aya dina haté. Naon sababna ka kolot kudu hormat tilawat, lantaran kolot gedé jasa ka urang. Geura tengetan ieu pupuh Maskumambang, minangka hasil 'guneman haté jeung pikiran (uteuk)'.

**"Hé barudak kudu mikir ti leuleutik,
manéh kahutangan,
ku kolot ti barang lahir,
nepi ka ayeuna pisan."**

Diajar migawé atawa kaparigelan (*learning to do, skill*) nétélakeun yén diajar téh lain ngan semet inget wungkul, dapon apal waé. tapi kudu ngarti tur surti, malah kudu parigel, boh ngucapkeunana boh migawéna. Nya ucap nya lampah (?) Dajar basa, lain keur élmu, tapi keur gaul (komunikasi). Lain diajar tata basa heula, tapi langsung bacéo, torojogan nyarita. Sing nepi ka bisa cas-cés-cos ngawangkong.

Diajar mibanda (*learning to be*) nétélakeun yén kamampuh, kamahéran, jeung batin atawa aféktif kudu jadi milikna sorangan. Siswa diajar ngawangun panyangkemna sorangan kalawan rancagé (*students learn best by actively constructing their own understanding*). Ku cara kitu dipiharep siswa bisa asup kana "Gapura Panca waluya", lima lawang pikeun hirup barina hurip, salamet di dunya jeung di ahérat, nya éta *cageur, bageur, bener, pinter*, jeung *singer*, tapi teu *kabalinger*.

Diajar milampah hirup babarengan (*learning to live together*) nyoko kana diajar ngelompok téa. Ku cara ngelompok siswa bisa gawé


babarengan, rempug jukung sauyunan, ka cai jadi saleuwi ka darat jadi salebak. Dina diajar sing bisa silih élédan (*sharing*) jeung babaturan. Patali jeung diajar hirup babarengan aya pupuh Pucung anu unina kieu.

**"Utamana jalma kudu réa batur,
Keur silih tulungan,
Silih titipkeun nya diri,
Budi akal ngan ukur ti pada jalma."**

Tina opat pilar diajar téh, siswa sing jadi "teuneung jeung ludeung" dina nyorang pakumbuhan. Robah sikepna, tina "sawios abdi mah di pengker", jadi kudu aya di baris hareup. Sikep ngabaékeun kana diajar lantaran teu boga buku, "atuda teu gaduh artos kanggo mésér buku", kudu dirobah "sanajan teu gaduh artos, buku mah tetep ngagaleuh".

Anu has tina KBK téh ayana istilah *kompeténsi*. Ceuk dina basa Sunda mah, sarua jeung 'kamampuh'. Eusina mangrupa kaweruh (kognitif), kamahéran (psikomotor), jeung ajén-inajén (aféktif) dasar, anu diébréhkeun (diréfléksikeun) kana kabiasaan mikir jeung milampah. Ari kabiasaan mikir jeung milampah kalawan ajeg (konsisten) tur sinambung (kontinyu) bisa ngawujudkeun siswa jadi mampuh (kompetén) pikeun milampah hiji hal.

Kompeténsi basa jeung sastra Sunda nyoko kana kompeténsi wacana, anu nurutkeun Celce-Murcia *et al.* (1995:10), ngalibetkeun rupa-rupa kompeténsi lianna saperti kompeténsi basa (*linguistic competence*); kompeténsi paripolah (*actional competence*) anu ngawengku kompeténsi polah ucap keur basa lisan jeung kompeténsi rétorik keur basa tulis; kompeténsi sosial budaya (*socio cultural competence*), kaasup kompeténsi sastra, jeung kompeténsi stratégis (*strategic competence*). Baganna kieu.



2.3 Raraga SK Basa jeung Sastra Sunda

Eusi *Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda* diwangun ku dua bagian. Jaba ti éta, aya bagian panambah (suplemén). Kieu wincikanana téh.

- a. Bab I Bubuka, nu eusina ngawengku tujuh rupa kayaning (1) Rasional; (2) Wangenan; (3) Fungsi jeung tujuan pangajaran; (4) Standar Kompetensi lintas kurikulum; (5) Standar kompetensi eusi; jeung (6) Standar kompetensi lulusan.
- b. Bab II Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar
 - (1) *Standar kompetensi*, nu mangrupa gambaran umum kamampuh basa jeung sastra, nu nyoko kana opat kaparigelan basa (ngaregep keun, nyarita, maca, jeung nulis), patali jeung (a) bahan ulikan, (b) sakola, jeung (c) kelas.
 - (2) *Kompeténsi dasar*, anu mangrupa kamampuh minimal dina hiji pangajaran anu kudu kapimilik, kacangking, jeung dipilampah ku murid.

Kompeténsi Dasar ngamuara kana opat kaparigelan basa jeung sastra, nya éta (1) ngaregepkeun, (2) nyarita, (3) maca, jeung (4) nulis. Dipatalikeun kana sastra, ngaregepkeun jeung maca nyoko kana aprésiasi sastra, ari nyarita jeung nulis nyoko kana éksprési sastra.

2.4 Standar Kompetensi Basa Sunda Lulusan TK/RA

Standar kompetensi lulusan Taman Kanak-kanak (TK)/Raudhatul Athfal (RA) dalam berbahasa Sunda adalah sebagai berikut.

- (1) Mampu bermain dengan menggunakan bahasa Sunda.
 - (2) Mampu mengenal dan mengucapkan kosa kata bahasa Sunda sederhana yang berkaitan dengan lingkungan kehidupan dirinya.
- Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar TK/RA pikeun Kompetensi Basa jeung Sastra Sunda dibagi jadi dua kelompok.

Kelompok A

Standar Kompetensi	Kompetensi Dasar
0.1 Mampu menyimak, berbicara, memiliki kosa kata, dan mengenal simbol-simbol bahasa yang melambangkannya.	0.1.1 Menyimak dan membedakan bunyi suara, bunyi bahasa Sunda, dan mengucapkannya.
	0.1.2 Menyimak dan memahami kata dan kalimat sederhana.
	0.1.3 Berbicara tentang jatidiri, pengalaman, dan menjawab pertanyaan sederhana.
	0.1.4 Memperkaya kosa kata sehari-hari yang berkaitan dengan nama-nama anggota tubuh.
	0.1.5 Mengenal bentuk-bentuk simbol-simbol sederhana (pramenulis).
	0.1.6 Menyebutkan gambar secara sederhana (pramembaca)
	0.1.7 Menghubungkan bahasa lisan dan bahasa tulis (pramembaca)
	0.1.8 Mengucapkan salam dan berperilaku sopan santun.
	0.1.9 Menyanyikan rumpaka lagu kawih.

Kelompok B

Standar Kompetensi	Kompetensi Dasar
0.2 Mampu menyimak, berbicara, memiliki kosa kata, dan mengenal simbol-simbol bahasa yang melambangkannya untuk persiapan membaca dan menulis.	0.2.1 Menyimak dan memahami kata dan kalimat sederhana serta mengucapkannya dengan lafal yang benar.
	0.2.2 Berbicara dengan lancar dan benar tentang jatidiri, pengalaman, dan sesuatu hal.
	0.2.3 Memperkaya dan mengucapkan kosa kata sehari-hari yang berkaitan dengan lingkungan sekitar.
	0.2.4 Mengenal bentuk-bentuk simbol-simbol sederhana dan menuliskannya (pramenulis).
	0.2.5 Menyebutkan gambar dengan lengkap (pramembaca)
	0.2.6 Menghubungkan bahasa lisan dan bahasa tulis dengan membacakan kelompok kata dan kalimat sederhana (pramembaca)
	0.2.7 Berbahasa santun dan berperilaku ramah.
	0.2.8 Menyanyikan rumpaka lagu kawih Sunda dengan benar.
	0.2.9 Menampilkan sajak Sunda yang sederhana dengan gaya.
	0.2.10 Mengekspresikan cerita dan lagu dalam gerakan.

3. Nyusun Kurikulum/Silabus MP Basa jeung Sastra Sunda

Kurikulum minangka wujud operasional, pangjabar, tur pagwilah tina Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar, anu mangrupa pedaran matéri pokok nu leuwih spésifik, pangalaman diajar, jeung warna évaluasi. Ari gunana geusan jadi padoman guru dina ngararancang, ngalaksanakeun, jeung ngolah pangajaran. Kurikulum (baca: silabus) disusun ku guru di sakola atawa di gugus.

Aya sawatara tahap dina nyusun kurikulum, nya éta:

- (1) *idéntifikasi* (kelas/semester);
- (2) ngaruntuykeun aspek kapargelan basa (ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis);
- (3) ngaruntuykeun *standar kompetensi* jeung *kompeténsi dasar*;
- (4) nangtukeun bahan lulugu (*matéri pokok*) katut wincikanana;
- (5) milih tur nyusun *pangalaman diajar* (kagiatan fisik-méntal siswa patali jeung bahan);
- (6) ngawincik *Kompeténsi Dasar* kana cicirén (*indikator*) hasil diajar;
- (7) ngawincik *indikator* kana *penilaian* (warna tagihan, wangun instrumén, soal).

Warna tagihan ngawengku (1) kuis, (2) pertanyaan lisan, (3) ulangan sapopoé (harian). (4) ulangan blok (réndonan rupining kompeténsi), (5) tugas individu, (6) tugas kelompok, (7) réspónsi (ujian prakték), jeung (8) laporan kegiatan (praktikum, widyawisata, jsté.).

Wangun instrumen mangrupa tés, bisa tés bisa *non-tés*. Wangun tés ngawengku (1) pilihan ganda, (2) uraian obyékatif (BUO), (3) uraian non-obyékatif (BUNO), (4) jawaban atawa eusian singget, (5) ngajodokeun, (6) ngaragakeun (unjuk kerja, performans), jeung (7) portofolio (kumpulan tugas jeung karya siswa katut kamekaranana).

Hal-hal anu kudu aya dina kurikulum/silabus, nya éta:

- (1) idéntitas (ngaran sakola, mata pelajaran, kelas/seméster),
- (2) standar kompeténsi,
- (3) kompeténsi dasar,
- (5) indikator,
- (6) pangalaman diajar,
- (7) matéri pokok, jeung
- (9) warna penilaian.

Formatna ébréh di handap ieu.

Kelompok A: Kamampuh Basa Sunda

A. Standar Kompetensi: 0.1 Mampu menyimak, berbicara, memiliki Kosakata, dan mengenal simbol-simbol Bahasa yang melambangkannya.

Kompeténsi Dasar	Matéri Pokok	Indikator	Pengalaman Belajar	Jenis Penilaian
0.1.1 Menyimak dan membedakan bunyi bahasa Sunda dan mengucapkannya.	Bunyi bahasa	<ul style="list-style-type: none"> • Dapat menyimak dengan baik bunyi bahasa Sunda • Dapat menirukan Ucapan bunyi bahasa Sunda. • Dapat menyebutkan berbagai bunyi bahasa Sunda. • Dapat menyalin bunyi bahasa Sunda. 	<ul style="list-style-type: none"> • Anak menyimak dengan baik bunyi bahasa Sunda • Anak menirukan ucapan bunyi bahasa Sunda. • Anak menyebutkan berbagai bunyi bahasa Sunda. • Anak menyalin bunyi bahasa Sunda yang dicontohkan guru. 	

4. Rambu Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda

4.1 Diajar Basa Sunda di TK/RA

Diajar basa (kamampuh basa) dina Program TK/RA kaasup kana salasihiji tina opat "mekarkeun kamampuh dasar", tilu kamampuh dasar liana nya eta mekarkeun kaweruh, mekarkeun fisik/motorik, jeung mekarkeun seni. Mekarkeun basa teh ari kabehna mah ngurung opat aspek kamaherana, nya eta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis.

Pamarekan pangajaran nyoko kana tujuh perkara, nya eta:

- (1) pangajaran nyoko kana prinsip kamekaran murid:
 - (a) murid alus diajarna lamun kabutuh fisikna kacumponan tur kajiwaanana ngarasa tengtrem;
 - (b) tepung gelang (siklus) diajar barudak salawasna bangbalikan;
 - (c) barudak diajar ti babaturanana jeung kolot-kolotna;
 - (d) minatjeung kahayang barudak bakal jadi dorongan diajar;
 - (e) kamekaran jeung diajar unggal barudak beda-beda.
- (2) kabutuh murid,
- (3) ulin bari diajar atawa diajar bari ulin,
- (4) pamarekan tematis,
- (5) rancage (kreatif) tur binangkit (inovatif),
- (6) lingkungan ngarojong (konduktivitas), sarta
- (7) mekarkeun kaparigelan hirup.

4.2 Mekarkeun Sosial-emosional Murid

Kumaha mekarkeun sosial jeung emosional dina diajar basa Sunda di TK/RA? Rea cara anu bisa disorang. Sakurang-kurangna kacatet aya dua puluh cara dina mekarkeun sosial jeung emosional diajar murid, nya eta: (1) Ngagiring sasayagaan diajar murid, (2) Ngamangpaatkeun media audio-visua, (3) Ngayakeun praktek, (4) Midangkeun pangajaran kalawan keuna (proporsional), (5) Guneman tur rasionalisasi, (6) Cacarita, (7) Ngupamakeun, (8) Antusiasme, (9) Gerak awak (kinesik), (10) Sketsa jeung Gambar, (11) alesan (Argumentasi), (12) Ngahudang kreativitas mikir murid, (13) Dibalikan deui, (14) Pemetaan, (15) tanya jawab, (16) Nguji kamampuh murid, (17) Ngarojong kreativitas murid, (18) Ngajawab leuwih ti samistina, (19) Ngajentrekeun deui jawaban murid, jung (20) Lagawa (sportif) dina ngajawab

4.3 Watek jeung Peran Pangatik dina Nyanghareupan Murid

Aya sawatara watek atawa karakteristik anu kudu dipimilik ku pangatik, di antarana bae: (1) Miharep rido ti Gusti, (2) Jujur jeung amanah, (3) Ajeg kana ucap jeung lampah, (4) Adil tur teu ngabeda-beda (egaliter), (5) Hade ahlakna, (6) Handap asor, (7) Wanian, (8) Nyiptakeun suasana duduluran, (9) Sabar tur wijaksana, (10) Hade tata hade basa, jeung (11) Lagawa tur teu umaing (egois).

Peran jeung kawajiban pangatik, di antarana bae: (1) Ngipuk akidah anu kuat ka muridna, (2) Mere taushiyah, (3) Amis budi, (4) Wijaksana dina nepikeun hal-hal goreng, (5) Ngucapkeun pangwilujeng (salam), (6) Mere panghukuym kalawan wijak, sarta (7) Ngahudang prestasi ku pujian atawa hadiah

7. Pamunah Wacana

Sakitu baé heula. Moal rék panjang-panjang, bilih kalah réa salah. Mugia katampi tur aya maunahna. Sing jadi jampé pamaké dina ngawulangkeun basa jeung sastra Sunda anu hade tur merenah.

*Beunteur désa kasorogok,
pelemna karasa baé.
Seueur basa anu nyogok,
tebih tina basa saé.*

Cag, ah!

(Pangancikan, 29052006).

- 1) Penataran TK/RA se-Jawa Barat, BPBD Disdik Provinsi Jabar , April 2006
- 2) Dosen FPBS UPI Bandung